



Pou Piblikasyon Imedya: 18/02/2026

GOUVÈNÈ KATHY HOCHUL

**GOUVÈNÈ HOCHUL ANONSE 16 MILYON DOLA POU PLAN REVITALIZASYON  
LINC NEW ROCHELLE LA, EPI LI SOULINYE PWOGRÈ SOU ABÒDABILITE  
LOJMAN KÒM YON PATI NAN AJANDA "KITE YO BATI" LI A**

*Aprè Gouvènman Federal la te menase pou l deraye pwojè LINC la lè l koupe finansman yo, nouvo finansman eta yo pral ranpli espas vid la pou fè pwojè a avanse*

*LINC la pral bay nouvo espas vèt ak pi bon koneksyon pou New Rochelle pou sipòte kwasans ak devlopman kontinyèl*

*Pwogrè nan abòdablite lojman nan New Rochelle se yon istwa siksè "Kite yo Bati", avèk 4,500 nouvo apatman ki konstwi ak yon bèt 5% nan kwasans lwaye*

*Pwopozisyon "Kite yo Bati" Gouvènè Hochul la pral ede plis kominote atravè Nouyòk bati plis lojman, pak ak enfrastrikti*

Gouvènè Kathy Hochul te anonse jodi a ke yo te bay 16 milyon dola nan finansman eta pou fè avanse Pwojè LINC (Linking Innovation, Nature, and Community) New Rochelle la. Anons jodi a ranpli yon mank finansman ki te menase deraye Pwojè LINC la lè gouvènman federal la te anile finansman nesèsè a. Kounye a ke Eta Nouyòk angaje 16 milyon dola ki nesèsè pou ranpli espas vid la, pwojè vital sa a ka kontinye. LINC pral bay yon koneksyon ant zòn sant vil la, estasyon tren an, bibliyotèk la ak Lincoln Avenue pou sipòte rezidan lokal yo ak biznis yo pandan vil la kontinye kwasans ak devlopman ekonomik li.

Kòm yon pati nan ajanda "Kite yo Bati" (Let Them Build) li a, Gouvènè Hochul te vizite Faz I ak II lojman Stella jodi a epi li te mete aksan sou siksè kontinyèl devlopman lojman tout kalite atravè New Rochelle, ki gen ladan devlopmanan n pri mache a, depatman pou moun ki gen revni miks epi ki abòdab, kote kolaborasyon ant vil la, eta a, konte a ak lòt moun ki gen enterè te lakòz kreyasyon apeprè 4,500 nouvo kay depi 2020. Gouvènè Kathy Hochul jodi a te mobilize ak lidè lokal yo pou soulinye ajanda

"Kite Yo Bati" pou kontinye pwogrè sa a epi ogmante abòdablite nan kominote yo atravè Nouyòk, Gouvènè Hochul te kontinye mete aksan tou sou pwopozisyon "Kite Yo Bati" li a — yon seri refòm istorik pou akselere devlopman lojman ak enfrastrikti epi diminye depans kòm yon pati nan Diskisyon sou Eta Leta a 2026 li a.

"Rediksyon bidjè Administrasyon Trump la te menase pou deraye Pwojè LINC sa a pou kominote New Rochelle la — e se poutèt sa m ap pran mezi pou ranpli espas vid la epi asire ke plan vital sa a ka kontinye", **Gouvènè Hochul te deklare**. "Lè nou transfòme yon otowout demode an yon espas vèt, lari ki an sekirite ak kote rasanbleman piblik ki vivan, n ap reyini kominote ki te divize pandan plizyè jenerasyon. Vil New Rochelle se yon egzanp pafè de sa nou ka akonpli lè nou kite minisipalite yo bati, bati, bati."

**Lidè Majorite Sena Eta a Andrea Stewart-Cousins, te deklare**, "Pandan plizyè deseni, Memorial Highway te divize Lincoln Avenue ak sant vil New Rochelle, sa ki te limite opòtinite yo epi afebli yon kominote Nwa ki te konn pwospere. Pwojè LINC lan pral rekonekte katye sa yo, kreye espas piblik ki aktif, epi ede korije inegalite ki dire lontan. Mwen te fyè pou m te ede lanse efò sa a atravè Inisyativ Revitalizasyon Anba Lavil (Downtown Revitalization Initiative) la, epi avèk 16 milyon dola nan nouvo finansman, nou pi pre pase avan pou nou fè l tounen yon reyalite. Mwen remèsye Gouvènè Hochul pou patenarya kontinyèl li pou yon Nouyòk ki pi an sekirite e ki pi ekitab."

**Senatè Eta a, Nathalia Fernandez, te deklare**, "Envestisman tankou sa a montre ki jan yon bon gouvènman ka ye: ranfòse kote ki konekte kominote nou an epi asire ke pwogrè a benefisye moun ki deja rele New Rochelle lakay yo. Angajman 16 milyon dola Gouvènè Hochul la pou Pwojè LINC la pral amelyore koneksyon ant katye nou yo pandan l ap kreye espas piblik ki pi vèt e ki pi akeyan. Pwogrè lojman New Rochelle la montre ke nou ka elaji opsyon yo epi diminye presyon sou lwaye yo, men li ranfòse tou yon verite senp: kwasans lan pi byen mache lè li mache ak bon enfrastrikti, espas ouvè, ak atansyon sou karaktè katye a."

**Manm Asanble Steve Otis te deklare**, "LINC a se pwojè ki pi transfòmasyonèl New Rochelle la depi plizyè jenerasyon, yon plan ki fèt dapre vizyon piblik la pou sèvi plezi, lespri ak bezwen kominote a. Gouvènè Hochul te rekonèt sa plan sa a vle di pou pèp New Rochelle la epi kijan rèv yon nouvo istwa pou vil la rezon nan kominote nou an. Mèsi, Gouvènè Hochul, paske ou jwenn finansman nou t ap chèche a pou fè vizyon New Rochelle la tounen yon reyalite."

**Manm Asanble Amy Paulin, te deklare**, "Pwojè LINC la pral transfòme sa ki te yon baryè pou koneksyon kominotè a pandan twò lontan an yon espas piblik itil ki reyini moun yo. Mwen kontan tou pou m wè New Rochelle kontinye pran devan nan konstriksyon tout kalite nouvo lojman. Mèsi Gouvènè Hochul pou lidèchip ak sipò li nan rann envestisman sa a posib. Sa k ap pase nan New Rochelle montre sa ki posib lè eta ak vil la travay ansanm pou envesti nan devlopman ki santre sou kominote a."

Pwojè LINC lan se plan New Rochelle pou transfòme yon seksyon nan Memorial Highway — ki te konstwi okòmansman nan ane 1960 yo e ki te responsab pou separe yon katye ki istorikman Nwa — an yon pak lineyè ak yon konektè kominotè. Pwojè a pral transfòme otowout sis liy ki egziste deja a an yon lari lokal ak yon koridò vèt, ki konekte sant vil la, estasyon tren an, bibliyotèk piblik la ak Lincoln Avenue. LINC pral kreye pasaj pyeton, liy bisiklèt, espas lwazi, ak zòn rasanbleman ki an sekirite e atiran, ranplase yon baryè fizik ak sosyal ki la depi lontan ak yon byen kominotè pataje ki pèmèt rezidan yo ak biznis lokal yo benefisye revitalizasyon sant vil la ak kwasans ekonomik. Baze sou prim Inisyativ Revitalizasyon Anba Lavil la an 2018, LINC la sipòte plis pase 11,000 inite lojman ki deja otorize e li ta ka debloke 1,500 nouvo inite anplis.

**Prezidan, Direktè Egzekitif Jeneral ak Komisè Empire State Development lan, Hope Knight, te deklare,** "LINC la pral bati sou investisman leta te fè anvan yo nan New Rochelle lè li kontinye efò pou amelyore koneksyon epi kreye espas akeyan ak atiran. Anplis de sa, efò kontinyèl Vil la pou kreye plis lojman disponib konplete enpòtans ajanda 'Kite yo Bati' Gouvènè Hochul la, kote refòm ki gen bon sans pral diminye biwokrasi epi ankouraje nouvo kwasans ki ranfòse kominote yo nan tout Eta Nouyòk."

**Komisè Biwo Renouvèlman Kay ak Kominote Eta Nouyòk, RuthAnne Visnauskas, te deklare** "Pwojè LINC lan bati sou plis pase 11,000 kay ki deja kreye, konsève, oswa an kou nan New Rochelle depi 2020, k ap bay opòtinite ak estabilite pou fanmi ak moun tout laj ak tout nivo revni, tout pandan y ap kreye yon kominote iben konekte ak vibran. LINC la se kalite inisyativ revitalizasyon inovan ki pral kontinye pouse New Rochelle pi devan epi fè li pi abòdab e atiran pou rezidan yo, biznis yo ak vizitè yo. Anons sa a, ansanm ak ajanda 'Kite yo Bati' Gouvènè a, pral gen yon enpak ki pote transfòmasyon sou New Rochelle ak sou kominote yo atravè eta a."

**Sekretè Deta Nouyòk la, Walter T. Mosley, te deklare,** "Depatman Deta (Department of State) a fyè de wòl nou nan kreye opòtinite pou Nouyòkè yo. Pwogram nou yo ankouraje kwasans ekonomik ak estabilite, konstwi lojman ki vrèman nesès epi estimile kwasans travay. Avèk ajanda 'Kite yo Bati' Gouvènè a, yon pwosesis apwobasyon ki pi rapid e ki pi senplifye pral pèmèt pwojè yo vin an sèvis pi vit. Nou bat bravo pou Gouvènè Hochul pou vizyon li."

**Prezidan ak Direktè Egzekitif Jeneral DASNY Robert J. Rodriguez te deklare,** "DASNY fyè pou li sipòte efò ki pote investisman enpòtan nan kominote yo atravè Nouyòk yo. Travay nou nan finansman, konstriksyon, ak administrasyon sibvansyon pou pwojè enfrastrikti ban nou yon vizyon klè sou kijan reta yo koute tan ak lajan ke kominote yo pa kapab peye. Avèk ajanda 'Kite yo Bati' Gouvènè Hochul la, yon pwosesis apwobasyon ki pi rapid e ki pi senplifye pral ede pwojè sa yo demarre epi mete yo nan men Nouyòkè ki pi bezwen yo a. Nou felisite Gouvènè a pou vizyon li epi nou anvi sipòte travay enpòtan sa a."

**Egzekitif Konte Westchester, Ken Jenkins, te deklare,** "Pandan n ap selebre Mwa Istwa Nwa a, li enpòtan pou nou konfwonte non sèlman reyalyasyon kominote Afwo-Ameriken an, men tou politik ak desizyon sou enfrastrikti ki te lakòz gwo domaj. Konstriksyon ki te divize katye sa a plizyè deseni ane de sa te gen yon enpak ki pa pwopòsyonèl sou fanmi Nwa yo epi li te afebli yon kominote ki te pwospere yon lè. Envestisman 16 milyon dola jodi a asire ke LINC la pral avanse epi kòmanse repare domaj sa yo. Pwojè sa a pa sèlman konsène enfrastrikti - li konsène ekite ak opòtinite. Lidèchip Gouvènè Hochul la voye yon mesaj klè ke Nouyòk kanpe bò kote kominote ki te istorikman majinalize yo, menm lè sipò federal la pa sifi."

**Majistra Vil New Rochelle, Yadira Ramos-Herbert, te deklare,** "Mwen vle remèsye Gouvènè Hochul sensèman pou envestisman ekstrawòdinè 16 milyon dola sa a nan New Rochelle. Li te yon chanpyon fèm depi nan kòmansman an epi yon patnè esansyèl nan jwenn finansman ki nesèsè pou LINC la kontinye avanse. Sipò sa a ap fè avanse yon efò ki pote transfòmasyon ki ranfòse koneksyon ekonomik, sipòte fanmi k ap travay yo, epi asire ke pandan New Rochelle ap grandi, nou fè sa avèk refleksyon epi nan yon fason ki benefisye rezidan yo jodi a ak pou jenerasyon k ap vini yo. Nou rekonesan pou patenarya Eta a ak angajman pataje anvè vizyon sa a."

Nan New Rochelle, kolaborasyon ant vil la, eta a ak lòt moun ki gen enterè te lakòz kreyasyon apeprè 4,500 nouvo kay depi 2020 epi gen 6,500 lòt ki an kou. Ogmantasyon sa a nan konstriksyon lojman demontre kijan konstwi tout kalite lojman pou yon pakèt kay ogmante abòdablite pou tout moun, sa ki lakòz yon bès senk pousan nan kwasans lwaye nan New Rochelle ant 2020 ak 2023. Yon etid Pew te fè a te jwenn ke New Rochelle te ogmante pèmi lojman anyèl yo soti nan 39 inite an 2017 pou rive nan 989 nouvo kay pa ane, sa ki te kontribye nan yon bès nan kwasans lwaye an mwayèn soti nan 12 pousan an 2017-2020 pou rive nan sèt pousan an 2020-2023 nan yon moman kote lwaye nan tout peyi a te ap monte a de chif.

Gouvènè Hochul te vizite devlopman lojman ki finanse pa eta a pou wè pwogrè a, tankou Stella Faz I, yon devlopman lokasyon revni miks ki fini ak Stella Faz II, yon devlopman kondominyòm lojman abòdab ki an konstriksyon kounye a, toulede toupre transpò piblik ki gen sèvis sou Metro North la.

### **Ede Kominote Nou yo Konstwi Lojman Nou Bezwen**

Lè Gouvènè Hochul te antre an fonksyon, li te pwomèt pou atake kriz lojman an epi bese depans yo lè li konstwi lojman moun Nouyòk yo bezwen avèk dezespwa, pou plis fwaye ak fanmi k ap travay di ka peye yon kote pou yo rele lakay yo. Sepandan, twòp devlopman lojman abòdab ki nesèsè anpil oblije travèse yon kantite pwosedi administratif Eta a mete ki ajoute depans ki pa nesèsè epi lakòz plizyè ane reta, menm lè yo toujou jwenn pwojè sa yo pa gen okenn enpak anviwònman ki siyifikatif. Etid yo montre kijan revizyon anviwònman Eta a egzije a ka ralanti pwojè lojman yo an mwayèn pou de ane, sa ki koute plizyè santèn milye dola pou chak pwojè, nan yon moman kote moun Nouyòk yo mwens kapab tann pou lojman yo bezwen pou yo ka kontinye viv ak pwospere nan Nouyòk.

Pou akselere devlopman lojman pou kreye yon Nouyòk ki pi abòdab ak dirab, Gouvènè Hochul pwopoze pou amande Lwa sou Revizyon Kalite Anviwònmanal (State Environmental Quality Review Act, SEQRA) Eta sou pou egzante kèk kalite pwojè lojman ki pa gen okenn enpak siyifikatif sou anviwònman an ki soti nan revizyon SEQRA anplis. Lojman ki egzante SEQRA a ap toujou oblije konfòme yo avèk règleman ak pèmi enpòtan Eta a ki gouvènè itilizasyon dlo, kalite lè a, jistis anviwònmanal, ak pwoteksyon resous natirèl yo. Pwopozisyon an pa ranplase zonaj lokal la ak lòt egzijans pou pèmi, epi lojman yo egzante yo dwe sitiye tou andeyò zòn ki gen risk inondasyon pou yo ka kalifye.

Plizyè ane eksperyans nan vil Nouyòk ak atravè eta a, ki enplike plis pase mil pwojè, montre ke pratikman okenn nan pwojè sa yo pa te gen enpak siyifikatif sou anviwònman an, men kanmenm yo te toujou sijè a revizyon ki pran anpil tan. Refòm sa yo pral akselere livrezon lojman ki tèlman nesèsè epi diminye pri konstriksyon an nan yon fason ki ann amoni ak devlopman dirab ki pwoteje anviwònman an, sa ki pral bese pri lojman ak lwaye atravè tout eta a pandan n ap pwoteje resous natirèl nou yo.

### **Akselere Pwojè Enfrastrikti ki Enpòtan ke Nouyòkè yo depann de yo**

Gouvènè Hochul te pwopoze tou mezi pou fasilite livrezon pi rapid ak pi bon mache yon seri gwo pwojè enfrastrikti ki gen anpil enpòtans e ke Nouyòkè yo depann de yo. Espesyalman, Gouvènè a pwopoze pou ajiste klasifikasyon SEQRA yo pou egzante kategori enfrastrikti enpòtan sa yo ki satisfè kritè espesifik revizyon SEQRA adisyonèl yo pou yo ka kòmanse sèvi Nouyòkè yo pi vit:

- Enfrastrikti Dlo Pwòp: Enfrastrikti dlo enpòtan ki evite enpak sou resous natirèl yo.
- Enfrastrikti vèt: Jesyon dlo lapli ki baze sou lanati.
- Pak ak Santye: Pak piblik ak chemen rekreyasyon pou bisiklèt/pyeton
- Gadri pou Timoun: Sant gadri ki nouvo oswa renove
- Pwopozisyon Gouvènè Hochul la ta rezève pwosesis revizyon anviwònmanal rapid sa yo sèlman pou enfrastrikti ki ta sitiye nan zòn ki te deja deranje, pou pwoteje resous natirèl nou yo ak tè ki pa t janm modifiye, pandan n ap ranfòse katye nou yo. Apwòch Gouvènè a ap bay benefis anviwònman ki klè, tankou amelyorasyon nan kalite lè ak dlo, rediksyon emisyon gaz ki lakòz efè tèmik, epi prezèvasyon abita ki esansyèl yo, konpare ak politik ki ankouraje ekspansyon dezòdone ak devlopman san kontwòl nan zòn natirèl yo.

Kounye a, delè revizyon SEQRA yo varye anpil selon pwojè yo, sa ki kreye enprevezibilite pou kominote lokal yo, responsab pwojè yo, ak ajans eta yo tou. Pou diminye biwokrasi a, Gouvènè Hochul pwopoze pou:

- Pran desizyon pi rapid pou kominote lokal yo lè yo fikse delè klè pou deklarasyon enpak anviwònmanal epi ankouraje responsablite
- Senplifye deklarasyon enpak anviwònmanal yo pou diminye delè revizyon pou kategori pwojè kle yo.

- Modènize pwosesis pèmi Nouyòk yo pou ekonomize tan ak lajan pou lokalite yo lè yo amelyore pwosesis yo epi itilize nouvo teknoloji yo.
- Akselere gwo pwojè enfrastrikti eta a pou sèvi Nouyòkè yo pi vit
- Sipòte kominote lokal yo atravè yon nouvo akademi pèmi

###

Lèt nouvèl disponib sou sit [www.governor.ny.gov](http://www.governor.ny.gov)  
Eta Nouyòk | Chanm Egzekitif | [press.office@exec.ny.gov](mailto:press.office@exec.ny.gov) | 518.474.8418  
Enskri pou w jwenn mizajou Biwo Gouvènè a: [ny.gov/signup](http://ny.gov/signup) | Voye tèks NEW YORK bay 81336

[ANILE ENSKRIPSYON OU](#)